

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, jeung pedaran dina bab IV panalungtikan téh bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kaparigelan ngaragakeun drama siswa kelas IX-C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Role Playing* kaasup can tuntas. Katitén tina hasil pretest rata-rata peunteunna nyaéta 68,88, hartina kaparigelan siswa kaasup kana katégori kurang atawa can tuntas. Ieu hal katitén dina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) 75, nyaéta aspék wirahma anu ngawengku: a) artikulasi (ucapan) jeung b) lentong, rata-rata peunteunna 16,8 tina skor minimalna 5 jeung maksimalna 20 kaasup sedeng-cukup. Aspék wirasa ngawengku: a) pamahaman eusi jeung b) penjiwaan tokoh rata-rata peunteunna 39,15 tina skor minimalna 5 jeung maksimalna 60 kaasup sedeng-cukup. Dina aspék wiraga anu ngawengku: a) ékspresi (mimik)/ pasemon jeung b) tagog rata-rata peunteunna nyaéta 14,12 tina skor minimalna 5 jeung skor maksimalna 20. Ku kituna bisa dicindekkeun yén siswa can maham kana aspék wirasa, wirahma, jeung wiraga dina ngaragakeun drama.
- 2) Kaparigelan ngaragakeun drama siswa kelas IX-C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 sabada dilarapkeunna modél pangajaran *Role Playing*, rata-rata peunteunna nyaéta 84,42 hartina kaparigelan siswa kaasup kana katégori hadé atawa tuntas luyu jeung *Kriteria Ketuntasan Minimal* (KKM) 75 tina unggal aspékna. Katitén tina hasil *posttest* nyaéta aspek wirahma anu ngawengku: a) artikulasi (ucapan) jeung b) lentong, rata-rata peunteun 17,79 tina skor minimalna 5 jeung maksimalna 20 kaasup cukup-hadé, aspék wirasa ngawengku: a) pamahaman eusi jeung b) penjiwaan tokoh rata-rata peunteun 50,68 tina skor minimalna 5 jeung skor maksimalna 60 kaasup hadé pisan, aspék wiraga ngawengku: a) ékspresi (mimik)/ pasemon jeung b) tagog rata-rata peunteun 16,03 tina skor minimalna 5 jeung skor

maksimalna 20 kaasup cukup-hadé. Ku ituna bisa dicindekkeun siswa geus maham kana unggal aspék ngaragakeun drama.

- 3) Aya béda anu signifikan tina kaparigelan ngaragakeun drama siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Role Playing* di kelas IX-C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023, kalawan rata-rata penten *pretest* jeung *posttest* nyaéta tina hasil *pretest* 68,88 ngaronjat jadi *posttest* 84,42 tina 26 siswa. Bédana kaparigelan siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Role Playing* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Statistic Parametric* kalawan uji *T-test*. Dumasar kana hasil uji statistik nilai signifikansi (Sig. 2-tailed) nya'eta ( $0,000 < 0,05$ ) atawa kurang ti 0,05. Ku kituna,  $H_1$  jeung  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda nu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* ngagumakeun modél *Role Playing* dina ngaragakeun drama siswa kelas IX-C Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.

## 5.2 Implikasi

Modél *Role Playing* dina pangajaran drama. Larapna modél *Role Playing* miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna, siswa leuwih aktif sarta interaktif jeung papada baturna. Ieu modél nyangking pangrojong jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Digunakeunna modél *Role Playing* jadi salasahiji cara pikeun nuwuhkwun sikep kreatif jeung kritis siswa dina ngamekarkeun ideu jeung gagasan, ogé éféktifna suasana diajar di kelas.

## 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeunna panalungtikan modél *Role Playing* pikeun ngaronjatkeun kaparigelan ngaragakeun drama siswa kelas XI-C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2022/2023, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Role Playing* bisa ngaronjatkeun kaparigelan ngaragakeun drama. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran drama.

- 2) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél *Role Playing*.
- 3) Ku sabab ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan dina métode ékspérimén murni sangkan nyangking ambahan anu leuwih lega deui.